Ассаламу гӏалайкум, казбекалъул жамагӏат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 10 (9802) /18 март 2019 с. / итни 12 Ражаб 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Руччабазда байрам баркун...

7 марталда районалъул культураялъул Централда тӀобитӀана Халкъалдагьоркьосеб руччабазул къо кӀодо гьабиялда хурхараб данделъи. Берцин къачӀараб залалде, тадбир байбихьизе заман букӀаго, ракӀарулел рукӀана - районалъул учреждениябаздагун организациябазда хӀалтӀулел руччаби ва гӀолилал ясал.

Данделъи рагьиялда, гьенире гӀахьаллъарал руччабазе чӀахӀиял классазул цӀалдохъабаз, районалъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаевасул рахъалдасан, тӀугьдул кьуна.



Гьеб тадбиралда гӀахьаллъана - районалъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаев, гьесул заместителал: И.И. Шабазов, И.Б. Салимханов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гъирисханов, рагъул ва захӀматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГӀ. МухӀамадхӀабибов, ЖамгӀияб палатаялъул член С.Э. НургӀалиев, райадминистрациялъул отделазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял хӀалтӀухъаби.

Баркигун кӀалъазе вахъарав **«Казбек район»** муниципалияб гӀуцӀиялъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаевас абуна: **«Дица тӀолалго районалъул руччабазда баркула Халкъалда-гьоркьосеб руччабазул къо - 8 Март. Гьарула нужее рекъел, сахлъи, рохел, талихӀ, тӀад кидаго роцӀараб зоб ва гьабулеб ишалъулъ битӀккей. Жакъа, ракӀчӀун, абизе кӀола руччабазул гӀахьаллъи гьечӀеб щибниги нилъер гӀумруялъулъ гьечӀин. Дун цӀакъ вохана, волейбол хӀаялъул рахъалъ, нилъер ясаз Дагъистаналъул чемпионаталда бергьенлъи босиялдасаги. Гьединал мисалаз бихьизабула бихьиназ гьарулел ишаздаса нахъе ккараллъун руччабазул ишал гьечӀеллъи»,**-ян. Бергьенлъи босарал ясазе ва тренер Наида Алясаевалъе гьенир кьуна, райадминистрациялъул рахъалдасан, гӀарцулал шапакъатал.



Баркиялъул кӀалъаяздаса хадуб, ХӀ.ХӀ. Мусаевас, Гъ.М. Гъирисхановас хӀалтӀулъ тӀокӀлъи бихьизабурал руччабазе гьенир кьуна райадминистрациялъул, депутатазул Собраниялъул ХӀурматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал ва тӀугьдузул квацӀаби.

Гьединго, руччабазда баркиялгун цере рахъана - Хункарби МухӀамадхӀабибов ва Сайрудин НургӀалиев.

Данделъиялъул г1ахьалчаг1азе к1удияб асар гьабуна росабазул культураялъул х1алт1ухъабаз ва районалъул искусствоялъул школалъул ц1алдохъабаз рихьизарурал музыкалиял номераз, театралиял сценкабаз ва кьурдабаз.

## Министргун данделъиялда...



11 марталда нилъер районалде щвана Дагъистаналъул тӀабигӀиял сурсатазулгун экологиялъул министр Набиюла Карачаев. Гьев вачӀиналъе гӀиллалъун букӀана - къвакӀарал коммуналиял отходал, рищни-къул ракӀариялъул ва гьел нахъе росиялъул суалалъул бицен гьаби. Гьелда хурхун, районалъул администрациялда тӀобитӀараб данделъиялда гӀахьаллъана – **«Казбек район»** муниципалияб гӀуцӀиялъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаев, **«Дагэкосити»** ОООялъул директор, регионалияв оператор Казбек Царикаев, экологиялъул районазда гьоркьосеб Севернияб управлениялъе нухмалъулев ХӀажимурад ХӀакимов, районалъул бетӀерасул заместитель З.Н.Эмеев, ОМВДялъул начальник ГӀ.ХӀ. Халидов, райадминистрациялъул хӀалтӀухъаби ва росабазул администрациябазул бутӀрул.

Данделъиялда министрас бицана, коммуналиял отходал нахъе росиялъе рихьизарурал тарифазда рекъон, гӀадамалгун къотӀи-къаял гьаризе рукӀиналъул, нилъер районалда ришни-къул нахъе босиялъухъ кьезе кколеб г1арцул къадар (цо чиясул хӀисабалда) 50 гъур. бахине бегьулеблъиялъул, хадусан тариф гӀодобегӀан ккезабиялда тӀад хӀалтӀизе рукӀиналъул, гьеб рахъалъ льготал (бигьалъаби) щолезе гьел рукӀине ругеблъиялъул.

Гьес абуна: **«Ришни-къулгун «къеркьеялъе» федералияб бюджеталдаса биччан буго 1млд. 450млн. гъур. Дагъистаналъул бетӀер В.Васильевасул гьариялда рекъон, гьеб къадаралде тӀаде х1укуматалъ жубана жеги 600 млн.гъур.**

**Ришни-къулалда тӀад гьабизе кколебщинаб хӀалтӀи тӀубазабизе ккола 2 соналда жаниб. БакӀалъул муниципалитетазда цебе чӀараб масъалалъун ккола гьеб хӀалтӀи гьабиялде бакӀалъул гӀадамал цӀай, гӀадамазе хӀалтӀи букӀинаби ва бюджеталде налогал рачӀинари. Росабазул администрациябазда тӀадаблъун буго гьеб масъала тӀубазабиялда тӀад хӀалтӀизе ва гьелъие хӀажатал шартӀал чӀезаризе»,** -ян.

Жиндирго кӀалъаялдаса хадуб, министрас данделъиялъул гӀахьалчагӀазул суалазе ч1ванкъот1арал жавабал кьуна.

ХӀ.ХӀ. Мусаевас росабазул администрациябазул бутӀрул ахӀана регионалияв операторгун гьабизе тӀадаб хӀалтӀи хехлъизабиялде, проекталъулгун сметаялъул документация заманалда букӀинабиялде ва цогидалги хӀажатал ишал гьариялде.

Данделъиялдаса хадур министр ва районалъул бетӀер щвана Саласу ва Ахъташ лъарал журалел бакӀалде. Гьенир гьаризе руго лъел рагӀаллъаби (ччукӀичӀого рукӀине) щула гьариялъул хӀалтӀаби. Гьел хӀалтӀабазде гьаб соналъго байбихьизе бегьула.

## Райадминистрациялда



12 марталда администрациялда тӀобитӀана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул бетӀерасул заместителал, райадминистрациялъул отделазул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хӀалтӀухъаби ва росабазул администрациябазул бутӀрул гӀахьаллъараб гьеб данделъиялъул хал гьабиялде босун букӀана **«Районалъул архитектураялъул, бакӀалраялъул ва ЖКХялъул отделалъ 2018 соналъ гьабураб хӀалтӀул хӀисабкьей»** абураб суал.

Гьеб суалалда тӀасан доклад гьабуна тӀадехун рехсараб отделалъул начальникасул ишал тӀуралев ХӀ.К. ХӀадаевас.

Данделъиялъул гӀахьалчагӀаз докладалда тӀасан ХӀ. ХӀадаевасе кьуна цо чанго суал ва гьениб х1укму гьабуна цере чӀарал масъалаби тӀуразариялда тӀад районалъул ва росабазул администрациябаз цадахъаб хӀалтӀи гьабизе.

*Гьумер х1адур гьабуна И.ИДРИСОВАС.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Инсан ва гIумр*

# ЦIалдолезул пикраби

**«Чапар»** газеталъул цо-цо номеразда рахъун рукIана, (№57,31.12.2018 с. байбихьун), **«Гьабе жаваб»** рубрикаялда гъоркь, 15 суал.

Гьел суалазе жавабал рачIана – **Зубайри Зубайриевас (Ленинаул), Хай родин Висаитовас (Калининаул), Халид МухIамадовас ва Уматай ХIажиевалъ (Дилим), Асият Сурхаевалъ, Зикрула ГIалиевас, Марзият Пашаевалъ, Зульфия ХIусеновалъ, Абусидикъ Закариевас, ГIазра Каримулаевалъ, Айзанат МухIидиновалъ ва Рисалат Ибрагьимовалъ (Гъозтала), М-расул ЛабазанхIажиевас (Хубар), М-расул Расуловас (Къарланюрт) ва Дилим росулъа г1олилаз.**

ТIадехун рехсарал гьалмагъзабаз суалазе кьолел жавабазулъ гIемерисел пикраби данде кколел ва цого гIадинал рукIиналде балагьун, нижеца гъоркьехун рахъулел руго суалал ва рехсараз гьезие кьурал жавабал.

**1. Щай гIолилал росабалъа шагьаразде гочунел?**

Киназго жавабалъе рехсолеблъун ккола- минаби разе бак1ал кьунгут1и, росулъ гIолилазе хIалтIи гьечIолъи. Хадуб- магIишат гьабиялъе, спорталъул рахъал цебетIезабиялъе, хIухьбахъиялъе шартIал рук1унгут1и ва яшав гьабизе шагьаралда бигьаяб букIин.

**2. Щиб жо кколеб бигьаяб гIумру?**

**1.** Бигьаяб гIумру букIунаро. **2**. ЗахIмалъи бихьичIого, бикъа-хъамулезул, эбел-инсул,гIагагIунтIаразул буголъи кваналезул, даран-базар гьабулезул гIумру цо-цо цIалдолезда бигьаяблъун бихьулеб буго. **3.** РакIбацIцIадго киналго хIалтIулелги, рукIине рукъги, бачIунеб лъикIаб харжги рукIаралани, нилъер пачалхъалда гIадамазул яшав гIемерго бигьалъизе букIанин абулелги руго.

**3. Щивлъун дуда мунго школа лъугIун хадусан вихьулев?**

**1.** ГIадамазе, ВатIаналъе пайда букIиналъе хIалтIаравлъун, гьедин бугониги, ришваталъ гали цебе тIамизе толаревлъун, хIукуматалъ, кколеб къагIидаялда, дир тIалаб-агъаз гьабулеб гьечIевлъун. **2.** Рукъ баравлъун, ах чIаравлъун, лъимал гIезаруравлъун ва гьел гIумрудул нухда тIоритIараллъун вукIиналъги дидаго тIадаб налъи тIубаравлъунги вихьула дида дунго. **3. «Дуего бокьулареб чияе гьабуге»,**-ян абураб кIочене течIо дица ва гьелъие ритIухъавлъун хьвадана дун.

**4. Щиб гьабизе кколеб гIагараб росулъ лъикIаб ва ракIрекъараб гIумру букIине ккани?**

**1.** Гьедин букIине ккани, тIоцебесеб иргаялда, гIадлу-низам къвакIизабизе, ришватчилъиялде данде рагъ базе, хIакимзаби ракIбацIцIад, нилъ цоцалъ рекъон, цадахъ лъугьун, хIалтIизе ва гIолеб гIелалъе унго-унгояб тарбия кьезе ккола. **2.** Гьединго, битIараб законги, рац1цIалъиги ругелани, къойидаса- къойиде цIикIкунел багьабиги гьеч1елани, гIураб къадаралда ва гIемер свинчIого токги букIунебани бигьалъаби рукIинаан. **3.**Росулъ гIумру лъикI букIинаби гIемерисеб нилъеда бараб буго.

**5. Дур пикруялда, кинал гIунгутIаби ругел нилъер районалда?**

**1.** ТIолабго пачалихъалъего гIаммал гIунгутIаби руго нилъер районалдаги. (гIадлу-низам чучлъи, ришватчилъи, качество гьечIел кванил нигIматал, къайи-цIа ва дарби ричулел рукIин, рукъзал разе бакIал кьунгутIи, лъималазе тарбия кьей биччантун букIин ва гIемераб цогидабги. **2.** Цояс абулеб буго: **«Гьелъул бицун пайдаго гьечIо»,**-ян.

Дилим росулъа суалазе рачIарал жавабазда рехсолел руго гьенир ругел гIемерал гIунгутIаби. Гьезда гьоркьор руго- цIалдохъаби гимназиялде раччулеб автобус гьечIолъи ва, гьелда бан, лъималазе бугеб къварилъи, **«Салатавия»** студиялдасан кьолел передачабазда бицунеб рагIунгутIи.

**6. Щибдай гьабун лъикI гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизе ккани?**

**1.** Гьеб суалалъе жавабазулъги рехсолел руго-минаби разе ракь, хIалтIаби рукIине кколеллъи. **2.** Гьединго, абулеб буго, пачалихъалъул даражаялда, росабалъ гIолилазе хIалтIиги букIинабичIони, хъулухъчагIиги лъай бугел, рацIцIад хIалтIулел гьечIони, гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъиялда божи букIунищан? **3.**Ракьулъа рахъулел магIданал, рохьал, ракьал, ток ва гь.ц. пачалихъалъул кверщаликь гьечIониги лъикIлъуларо гIадамазул гIумру. **4.** Цоги, гIумру лъикIлъизе ккани, ракьгун хIалтIизе ва пачалихъалъ гьебгун хIалтIулезе кумек гьабизе ккола.

**7. Кинал захIмалъаби щибаб къойил нужеда дандчIвалел?**

**1.** Ришватчилъи, гьудул- гьалмагълъиялъе, г1ага-г1унт1аразе гIоло, сундухъго балагьичIого, законал хвезари, гIарцул гурони бицунеб букIунареблъи, бажари бугел гIадамал хъулухъазда гьечIолъи, жагьиллъи, кIигьумерчилъи, квешал пишаби ругел рихьунгутIи, гьелъул гIаксалда, гьединал тIадегIан гьарулел рукIин, росабалъ почтабазул отделениял къан, росабазул социалиябгун экономикияб рахъал церетIеялъе гьарулел хIалтIаби гIейгьечIел ругеблъи ва гь.ц.

**8. Рокьулищ нужее нилъер гIагараб газеталда хъвалел макъалаби?**

**1.** Узухъда, руго рокьулелги рокьуларелги макъалаби. **2.** Газеталъ нилъ ахIула квешаб тезеги лъикIаб босизеги. **3.** Газеталда критика дагьаб букIуна, дагьалищ ругел гIоларел рахъал? **4.** Гьединго, гьелда рукIунаро ригьин гьабиялда ва гьеб биххиялда сверухъ гIалимзабазулгун гIадамазул пикраби. **5.** Бокьилаан газеталда лъолел макъалаби гIумруялъул батIи-батIиял рахъал жанире рачунеллъун рукIине.

**9. Щайдай нилъер газеталъул тираж цIакъго дагьаб бугеб?**

**(ЦIализе бокьуларогунищ, лъаларогунищ, яги багьа хираго бихьунищ?).**

**1.** Советияб заманалда подпискаялде кIудияб кIвар буссинабулаан, гьанже гьеб гьечIо. **2.** Студентазе, цIалдохъабазе подпискаялъухъ гIарац дагь гьабизе ккола. **3.** Гьанжесеб гIелалъе газета цIализе бокьунгутIи, кIвахIаллъи цIикIкIун букIин, газеталде компьютераздаса, телефоназдаса регIулел гьечIолъи.

**10. Редакциялъул мухбирзабазул лъие нужеца тIадегIанаб къимат кьолеб? Гьезул лъица хъвалел нужер ракIазе асар гьабулел макъалаби?**

**1.** Гьединал макъалаби рукIуна - ХIалимат Каримовалъул ва Ибрагьим Идрисовасул.

**11. Нижер штаталда гьечIел мухбирзабазул щал лъикIаллъун нужеца рикIкIунел?**

**1.** МухIамадбег Абулаев, Ниязбег Алмахъский, Шиябодин Яндаев, Асият Сурхаева, ПатIа Айтемирова, ТIалхIат Ахъбердиев, СалихI СалихIов ва Ибрагьим Булатханов.

**12. Редакциялъул гIей гьечIеб хIалтIи кинаб бугеб?**

**1.** Корреспондентаз организациябазулгун учреждениябазул хIалтIи хIакъикъаталдаги кин бугебали хъвалеб гьечIо.

**13. Кинаб бугеб нилъер районалда руччабазул гIумру?**

**1.** ЦIакъ бигьаяб,хасго росал ругезе. **2.** Киса-кибего (нилъер улкаялда) бигьаяб гьечIо. **3.** Бигьаяб гIумру кин букIунеб, жавабчилъи гьечIел, гьекъолел, наркотикал хIалтIизарулел гIолилал цIикIкIунел ругони? Гьезулгун гIумру бухьинабурал ясазул гIумру бигьаяб букIунищ? Гьелъин ригьнал риххулел ва лъимал бесдаллъулел ругел. Хадусанги гьедин бугони, букIинадай гIолеб гIелалъул лъикIаб гIумру?

**14.ТIоцере гIумруялде рахъинаризе кколел кинал суалал ругел нилъер районалда?**

**1.** ГIадамазе лъим, ток чIезари, нухал, кьоял къачIай, заманалда рукъзал разе ракь кьей канализациялда сверухъ гьабулеб хIалтIи цIикIкIинаби ва гь.ц. **2.** Къокъгьабун абуни, гьединал суалал гIемер руго.

**15. Ришватчилъиялъе кинаб къимат нужеца кьолеб?**

**1.** Гьеб буго инсанасул гIамалазулъ къадараздасаги къадараб, щай абуни, ришватчилъиялъ ругел лъикIал гIамалалги хвезарулел рукIун. **2.** Ришватчилъиялъ тIубараб улкаго чорок гьабула, цогиял пачалихъазда гьоркьобги гьелъул гIадамазул къимат букIунаро. **3. «ЧчугIа бетIералдасан махIцуна»,**-ян умумузул аби буго. **4.** ХIакимлъуда ругез гьеб босулеб гьечIони, мухъилазда гьоркьоб ришватчилъи букIунаро. **5.** Гьеб босулезе кьварараб тамихI гьабулеб гьечIони,ришватчилъи нилъеда гьоркьоса киданиги камизеги гьечIо.

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

# Руччабазул мажлис



10 марталда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана руччабазе рух1ияб лъайкьеялъул мажлис. **«Раджаб-Аллагьасул моц1»** абураб ц1аралда гъоркь т1обит1араб гьеб тадбиралда г1ахьаллъана, Г1айшат Нурмух1амадовалъул бет1ерлъиялда, Дагъистаналъул муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул х1алт1ухъаби ва районалъул росабалъа руччаби.

К1алъазе рахъараз гьениб бицана Раджаб моц1алъул хиралъиялъул, диналде данде кколарел г1адатал х1алт1изаризе бегьунгут1иялъул ва хъизаналда гьоркьоб бук1ине кколеб хьвада-ч1вадиялъул.

**«Сабруялдалъун, лъик1аб г1амал-хасияталдалъун, росасдехунисеб адаб-хатиралдалъун ва лъимал лъик1аб, бац1ц1адаб нухде ккезариялдалъун лъугьуна нилъ Аллагьасул рахъалдасан шапакъат щолеллъун»,**-ан абуна Г1.Нурмух1амадовалъ жиндирго к1алъаялъул ахиралда.

***Асият ДИБИРОВА.***

# НЕСЧАСТНАЯ ДЕВОЧКА

## *Рассказ-быль*



Июнь. 2016 год. Нижний Новгород. Очень красивый город. Утро. Слышно пение соловья, бесконечный шум машин под моим окном. Я встаю рано, привычка такая. Несмотря на раннее утро, я выхожу на улицу походить по алее. Густой туман низко опустился над городом. Иду по тропинке, разглядывая цветочницы у соседских дом и вдруг слышу тихий шепот **«Эй, подойди!».** Я сначала испугалась, а затем смотрю и вижу две синие глазки, так тревожно смотрящие сквозь сгнившие старенькие доски забора.

- Ой! А кто ты?
- Я Ленка.
- А ты?
- Я Зайнап.

**«Возьми» -** сказала девочка и потянула дрожащей рукой алые сочные румяные яблоки.

Я села на лавочку у забора и мы поговорили через щель. Меня удивило, что про меня она знает все: про то, что я сестра Султана, и про то, что я лежала в больнице и что скоро я уезжаю в Дагестан.

- А Витка меня в школу не пускает – тихо сказала она.
- А почему?
- Ему учителя сказали у меня с головой не все в порядке.
- Как же так?
- А где мама?
- Мама умерла 3 года назад.
- А папа?
- Папка еще до моего рождения ушел к Ангелам небесным.

О! господи! – вдруг вырвалось у меня. А кто Витка?

- Витка брат, тетин сын, а Люся его жена!
- В школе меня мальчишки дразнили, а классная руководительница то смеялась своим «больным» смехом, то ругала меня, как будто я их не оставляю.

Вот и Витка меня и не пускает в школу. Хочет меня определить в интернат для слабоумных.

- И некому заступиться?
- У меня никого нет, кроме Вити.
- А наш с мамкой дом остается Витке.
- Воот оно что? – прошептала я сквозь зубы.

Витке дом, а Ленку в интернат для слабоумных, неплохая идея.

- Пока, подруга!
- Ленка, держись!

В основе каждого моего рассказа лежит хорошо проверенная безнравственность.

Но я бессильна что – либо изменить в судьбах многих и многих.

Вот это самое обидное….!!!

***Зухра НАВРУЗОВА, с. Ленинаул.***

## Лъималазул х1инкъигьеч1олъи ч1езаби - нилъер масъала

Гьединаб ц1аралда гъорк', районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаевасул бихьизабиялда рекъон, 25 февраалдаса 2 марталде щвезег1ан, нилъер районалъул объектазда т1орит1ана т1абиг1иялгун техногенниял лъугьа-бахъиназдаса лъимал ц1униялъул учениял.

Гьенире г1ахьаллъана районалъул ц1алул учреждениябаздаса 6081 ц1алдохъан.



Ц1аккеялдаса ва цогидал балагьаздаса лъимал ц1униялъул планалда бихьизабухъе, ц1алул учреждениябазда т1орит1ана жавабиял х1алт1ухъабигун, коллективалгун дандч1ваял, цебениб бицана гьаризе кколел т1адал ишазул ва т1орит1ана учениял.

**«Х1ажат буго ц1аккеялдаса ва цогидал балагьаздаса лъимал ц1унизе, гьелъ, нуж х1адур рук1ине ккола хехаб ва х1инкъигьеч1еб х1алалда лъимал къват1ире рахъинариялде»,** - ян абуна ГОялъулгун ЧСалъул отделалъул начальник Ибрагьим Мух1амадовас бич1ч1енкьеялъул к1алъазда.

Рехсарал тадбирал т1орит1аразул пикруялда, гьез рес кьола ц1алул учреждениябазул коллективал балагьал лъугьа-бахъиназдаса ц1униялъе, гьезул рак1а-рахари ва х1адурлъи рук1инариялъе.

***С.СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.***

*Инсан ва гIумру*

## Бигьаяб лъимерлъи букIинчIо

Лъалеб букIахъе, чIахIияб гIелалъул гIадамалгун дандчIваяз рекIее лъикIаб асар гьабула. Гьездасан лъала нилъер умумузул рукIарал -хьвада-чIвадиял, гIадатал ва гь.ц., кьокъгьабун абуни, цебесеб нилъерго тарих. Гьединал дандчIваязул цояблъун букIана Ниязбег НурмухIамадовасулгун букIарабги. (Гьесул лъади Зайгьанат йикIана нижер пионервожатаялъун).

Гьес бицана: **«Дир кIудада вукIана Алмахъалда зияратги кашму-караматлъиги жиндилъ бугев чи. Гьесда абулаан ИбрагьимхIажийилан, цо-цояз Ибрагьим шайихиланги. Гьесул рукIарал чIумал руго гьал дихъ ругел чIумалги. ИбрагьимхIажихъа гьел щун руго дир эбелалъул эмен Атабайихъе, гьесухъа-дихъеги.**

**Къебедил Дадал гIагарав чи вукIун, гьев Сибиралде витIун вуго. Дова цIорон, хIатIазул килщалги къотIизе ккун, тIадвуссана гьев гIагараб ракьалде. Гьесул вас дир эмен МухIамадхIабиб витIун вуго Терекалъул канал бухъизе ва гьенисанго гьев фронталде витIула. Харьков шагьаралде немцазул самолётаз бомби рехулеб заманалда гьев чIван вуго.**

**Гьедин, бищун эмен хIажатаб мехалъ ниж бесдаллъана. Бихьугеги нилъеда тIокIалъ додинаб заман. РетIизе ретIел, кваназе квен щолароан.**

**Нижер гIемерисеб заман унаан кваназе бегьулел хурдул, пихъ-мичI балагьулел рукIиналда тIад. Вакъиялъ, тIохдеги вахун, гIодулев вукIунаан дун. Дир инсуца Атабайихъ тун букIун буго гIака. Гьелъул цояб бече налогазул бакIалда бачун ана, кIиабилеб-бикъун батана, гьеб нахъегIанаб ишги саламатал гIадамаз гьабун бугоан.**

**Дир эбелалъул вац Асадула армиялде ун вуго рагъ байбихьилелде. Гьевги гьенив тIагIана. Цоиги хъизан хутIичIо рагъалъ жиндирго «кваркьи» жинда хъинтIичIеб. Щиб гьабилеб, гьедин хъван букIун буго Аллагьас. «Нилъеда бихьизе хъвараб чияда бихьуларо»,** - ян абула умумуз.

**Доб заманалъул лъимал хехго кIудиял гIуна ва гьезда лъимерлъи бихьичIо. ЗахIматалъул юк нижер мугъздаса рещтIинчIо.**

**РакIалдаса унаро,1-2 классалда цIалулаго, нижер класcалъе нухмалъулевлъун рагъул ветеран МухIамад ХарсмухIамадов вукIараб заман. Хехго унел рукIун руго сонал. Гьанже дунго вахунев вуго ункъого соналде»,**-ян.

Пемераб бихьараб кIочон буго. Дица къасиги къадги Аллагьасда гьарула нилъер гIолеб гIелалда нижеда бихьараб бихьизе биччагеян. ЛъикIаб хъван батагиян лъугIизабуна Ниязбегица жиндирго бицен.

***СалихI САЛИХIОВ, Гъизилюрт шагьар.***

## «ГIурусазул литератураялъул мугIалим-2019» конкурс

6 марталда Калининаул росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана, **«Бищунго лъикIав гIурусазул литератураялъул мугIалим - 2019»** цIаралда гъорк', районалъул мугIалимзабазда гьоркьоб конкурс.

Гьенире гIахьаллъизе бокьи загьир гьабуна - Барият СагIдудиновна АхIмадовалъ (Дилим, гимназия), Сапият Сулеймановна СагIидовалъ (Дилим, лицей), Алжанат Писаевна Динаевалъ (Калининаул, гьоркьохъеб школа) ва Мариям Давлетмирзаевна Тажудиновалъ (№2 гьоркьохъеб школа, Ленинаул).

Конкурс тIобитIиялъе гIиллалъун букIана - лъикI хIалтIулел мугIалимзаби тIатинари, гьезул хIалбихьи тIибитIизаби, мугIалимасул хIалтIул къимат борхизаби ва гьел кIодо гьари.

Гьеб тадбир гIуцIун букIана - **«Педагогическияб мастерская», «Педагогическияб разминка»,** ва **«ЦIалул хIалтIи»** этапаздасан.



Рехсарал этапазда мугIалимзабаз бихьизабизе кколаан жидерго дарсал кьеялъе, батIи-батIиял цересел хIалбихьиял хIалтIизариялъе,цIалдохъабигун бухьен букIинабиялъе бугеб махщел.

Гьединго, гьез кьезе кколаан жидерго предметалда ва гIаммаб **«сверухълъи»** бихьиялда хурхарал 15 суалазе жавабал.

Конкурс гIуцIаразул бихьизабиялда рекъон, 6-ялдаса цIикIкIараб къадар мугIалимзабазул гьенибе гIахьаллъулеб бугони, жюриялъ рихьизаризе кколаан призалъулал бакIал ккурал, амма гьенив ункъо гурони мугIалим гIахьаллъичIо ва гьедин букIиналъ, конкурсалда вихьизавуна бергьенлъи босарав мугIалим. Гьей ккола Алжанат Писаевна Динаева.

***Джамиля ГIАБДУЛАХIИТОВА, ИМЦялъул методист.***

*Архивалдаса*

## Буртунай росдал- 180 сон

Дагъистаналъул жанисел ишазул Министерствоялда бугеб архивалда рекъон, Россиялъул империялъул Хасавюрт округалъул комиссиялъ 1895 соналъ гьабураб хъвай - хъваялда бихьизабухъе, Буртунай росулъ букIун буго 417 цIараки, гIадамазул къадар -1892 чи.



Гъоркьехун рехсолел руго гьезда гьоркьор гIумрудул цIикIкIарал сонал рукIарал гIадамал яги гьединазул къадар. **1. Салимгере ГIурусханов** (120 сон), **2. Шамалай НургIалиева** (100 сон), **3. Хатимат ГIамиргIалиева** (96 сон), **4. Халун Гъачахъаева ва Хъистаман ГIалихIажиева** (90 сон), **5. Иси Бияхъаева** (82 сон) ва **Дами Бияхъаев** (76 сон).

80 сонилаб гIумруялде рахаразул къадар - **16** чи, 75 сонил-**4** чи, 74 сонил-**1** чи, 70 сонил-**29** чи, 69 сонил-**1** чи, 68 сонил-**4** чи, 65 сонил-**14** чи,63 сонил -**2** чи, 60 сонил- **54** чи.

***М.ГI. ЧУПАЛАЕВ. (Хадусеб букIине буго).***

*Инсан ва г1умру*

## БухIараб росдае кумек

11 марталда **«Чапар»** газеталда бахъараб лъазабиялда хъван бук1ана Ц1умада районалъул Т1иси росулъ, ц1аккеялъул х1асилалда, къогоялдаса ц1ик1к1араб къадар минабазул бух1иялъул ва, гьелда бан, рехсараб газеталъул редакциялъ **«Кумек-2019»** гурх1елрахъ1муялъулаб акция лъазабун бук1ил.

Гьеб ах1иялъе жаваб гьабун, къокъаб заманалда жаниб, **«Буртунай росдал г1олилал»** г1уц1иялъ Т1иси росдал г1адамазе щвезабуна к1иго т1адагьаб машина къайи – ц1аялъул ва 150 азарго гъурущ.

Гьеб щвезабизе ана - росдал имам Рамазан Къасумов, г1олилазул церехъаби: Шамиль Расулов, Ах1мад Эмеев ва Шиябодин Мух1амадов.



**Сураталда: квег1иса кваранаб рахъалде- Ах1мад Эмеев, Шамиль Расулов, Мухтарх1ажи (Т1иси) ва Шиябодин Мух1амадов.**

Т1иси росдал г1адамаз, к1удияб х1урматалда дандч1вайги гьабун, гьалбадерие ва Буртунай росдал г1олилазе баркала загьир гьабун буго.

***Камиль АБУБАКАРОВ, Буртунай росу.***

Цебесеб 7 ва 8 номеразда

*Дин ва г1умру*

**Гъанбулат Афанди Ал- Митрадайи**

# «Расаилул Митрадиййи» (тIехьалдаса босараб)

**22. Суал: ТIоцебе Аварагасул(с.гl.с.) мегьед чанго соналда гьев вахиндал ссураб?**

**Жаваб:** ТIоцебе Жибрилас гьесул мегьед ссуна ракI бацIцIад гьабизе ункъо сон гьесул гIумруялъул бугеб мехалъ.

**23.Суал: ТIоцебесеб Жибрилас гьеб кин ссураб, кинаб къагIидаялъ гьеб ккараб?**

**Жаваб:** Маликил вас Анасидасан бицана, Расулуллагьасде Жибрил вачIанилан тIоцебесеб нухалъ лъималгун васандулев Аварагги (с.гl.с.) вукIадго Цинги гьес гьев кодовеги восун анилан, хадуб Жибрилас, мегьедги ссун, жанисан ракI бахъанилан, цинги гьеб ракIги ссун, гьелда жанисан цо гьитIинабго бидул ругIелги бахъун, Жибрилас абунила Аварагасда (с.гl.с.) гьаб бугин шайтIаналъул бутIа, дур чорхолъа бахъараб, абун, хадуб гьес гьеб ракI чуранилан, меседил тIарсинибги лъун, зам-зам лъималъ цинги дандеги къанилан гьеб. Хадуб живго вукIараб бакIалде вуссинеги гьавунилан гьев, гьесда аскIор рукIарал лъимал анилан рекерун ХIалиматихъе, МухIаммад (с.гl.с.) чIванилан абун бицине, хадуб, гьесде аскIоре ун, гьесдехун руссун, балагьидал, кьерги хисун вугоанила Аварагги (с.гl.с.) Анасица абуна, жиндаги бихьанилан гьесул мегьедалъул ссураб бакIалда бараб рукъиялъул асар абун. (Муслимицаги, АхIмадицаги бицана гьаб хIадис).

**24.Суал: Кида хварай Аварагасул(с.гl.с.) эбел?**

**Жаваб:** Аварагасул(с.гl.с.) гьеб ракI ссун хадуб, СагIдиязул ХIалимат, гьесда хIинкъун, гьевги вачун гьесул эбел Аминатихъе ана, гьелдаса хадуб, анлъго сониде щвезегIан, гьев вукIана гьенив эбелалда аскIов. Гьелдаса хадуб Аминат ана Мадинаялде гьесул инсул эбелалъул вацазухъе **«Бани гIада нажжари»** лазухъе гьезде раккизе, гьевги вачун. Уммуайманги йикIана гьесие хъулухъ гьабулей. Аминат гьеб гIагарлъиялъухъ цо моцIги бан хадуй, Маккаялда тIад юссунаго, **«Абваь»** абулеб бакIалде щведал, хвана, гьенийго юкъизеги юкъана.

**25. Суал: Эбел хун хадуб Аварагасул(с.гl.с.) милат лъица гьабураб, лъица гьев тIаде восарав?**

**Жаваб:** Аварагасул (с.гl.с) эбел Аминат хун хадуб, гьев тIаде восана гьесие къваригIаралъе гъоркьчIейги гьабуна гьесул кIудияв эмен ГIабдулмутIалибица. Гьес жиндирго вас гIадин, гьесие къваригIараб- хIажатаб жо балагьун, гьев тIувана.

**26. Суал: Аварагасул(с.гl.с.) кIудияв эмен ГIабдулмутIалиб холеб мехалъ щиб гIумруялъул вукIарав Авараг (с.гl.с.)?**

**Жаваб:** ГIабдулмутIалиб хвана Аварагасул (с.гl.с.) гIумруялъул микьго сон тIубараб мехалъ.

**27. Суал: Лъица тIалаб гьабизе тIаде восарав Авараг(с. гl.с.) кIудияв эмен хун хадув?**

**Жаваб:** Хвалил унти ГIабдулмутIалибида речIидал, гьес васият гьабуна гьесул инсул вац АбутIалибида, гьев тIубаян абун гьесиеги гьев цIакъ вокьулев вукIана, жиндирго лъималаздасанги гьев цеве гьавулевги вукIана гьев АбутIалибица, гьес тIаде восана гьев.

**28. Суал: Аварагасул(с.гl.с. инсул вацал щал рукIарал?**

**Жаваб:** Гьесул инсул вацал рукIана ХIарис, Зубайр, Къасум, ХIажал, Зирар, Микъвам, Гъайдакъ, ГIабдул-КагIбат, ГIабдулгIузи ( Абулагьаб), ГIабас, ХIамзат, АбутIалиб.

**29. Суал: Аварагасул(с.гl.с.) инсул вацалаздасан щал исламалде рачIарал?**

**Жаваб:** Исламалде рачIана гьесул инсул вацалаздасан ГIабасги, ХIамзатги(Аллагь жидеда разилъаял).

**30. Суал: Аварагасул(с.гl.с.) инсул яцал щал рукIарал?**

**Жаваб:** Гьесул инсул яцал анлъго рукIана: УммухIаким, (Байзаъ), ГIатикат, Арва, Умаймат, Сафият.

**31. Суал: Аварагасул (с.гl.с.) эбелалъул вацал щал?**

**Жаваб:** Гьел рукIана: Асвадги, ГIабдуягъусги, ГIумайрги.

**32.Суал: Аварагасул (с.гl.с.)эбелалъул яцал щал?**

**Жаваб:** Фаризаги, Фахтатги, кIиялго рукIана.

**33.Суал: ТIоцебе Аварагас(с.гl.с.) гьабураб хIалтIи щиб букIараб?**

**Жаваб:** Абугьурайратидаса бицараб хIадисалда буго Аварагас (с.гl.с.) абунилан **«Цониги Авараг(с.гl.с.) витIинчIо гIиязул вехьлъуда вукIинчIев»**,-абун. Гьесул асхIабзабаз абуна: **«Мунгийищ вехьлъун вукIарав?»,-**абун.

Живги вукIанилан абуна Аварагас(с.гl.с.) Маккаялъул агьлуялъул гIияда мухьдахъ. **(Ал-бухари, Ибну Мажагь).**

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Волейбол

10 марталда Дилим росдал гимназиялда тIоритIана, руччабазул командабазда гьоркьор, волейбол хIаялъул къецал. Халкъалдагьоркьосеб руччабазул къоялъул хIурматалда тIоритIарал гьел къецазда тIоцебесеб бакIалде бачIана Дилим росдал команда, кIиабилеб бакI босана Ленинаулалъул командаялъ ва лъабабилеб бакIалде бачIана Гуниялдаса команда.



Призалъулал бакIал росарал гьел командабазе кьуна, райадминистрациялъул рахъалдасан, грамотаби, медалал ва гIарцулал шапакъатал.

*Ибрагьим БУЛАТХАНОВ.*

# *РакI-ракIалъулаб баркала*

Дир сакъатав васасе х1укуматалъул рахъалдасан кьураб коляска пайда босиялдаса ун бук1ана. Гьелъул х1акъикъат жинда раг1арай Хасавюрт шагьаралъул социалияб рахъалъ г1адамал хьезариялъул Централъе нухмалъулесул ишал т1уралей Зульфия Меджидовалъ, спонсорги валагьун ва къокъаб заманалда, дир васасе бач1ана ц1ияб ва цебеселдаса г1емерго лъик1аб коляска.

Гьединго, **«Бац1ц1адаб рак1»** гурх1ел-рах1муялъулаб Фондалъ гьесие бит1ун бач1ана къиматаб сайгъатги.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабизе Зульфия Меджидовалъе, спонсорасе ва дир васасе кумек гьабиялъулъ г1ахьаллъарал киназего, гьезие гьаризе щулияб сахлъи, рохел, талих1аб г1умру ва гьарулел ишазулъ бит1ккей.

*Равзанат МУХ1АМАДХАЙРУЛАЕВА, Дилим росу.*

# Исправление

В решении №1 от 07.03.2019 года **«О назначении досрочных выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «село Ленинаул»** Казбековского района допущена неточность. В пункте 1. вместо шестого созыва нужно читать: **«седьмого созыва».**

*Председатель УИК №0559 - ЗИЯРОДИНОВА Н.Р.*
*Секретарь УИК № 0559 - МАГОМАЕВА А.М.*

# *ОБЪЯВЛЕНИЯ*

30.03.2019г. в 9ч.00мин. в административном здании СПК **«Дружба»** с. Ленинаул состоится отчетно-выборное собрание членов и ассоциированных членов СПК. (согласно графика, составленного Управлением сельского хозяйства района).

**Повестка дня:**

1. Отчет и.о. председателя СПК И.Ш. Шамирзаева.
2. Отчет главного бухгалтера И.С. Ибрагимовой.
3. Разное.

*Правление СПК.*

Утерянный аттестат В № 155787 о среднем образовании, выданный Дылымской средней школой №1 в 1984 году на имя **Гаджиевой Султанай Магомедхановны,** считать недействительным.

*БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94 Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова Сапият Султанмух1амадова Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2 Индекс: 51354 Заказ №212 Тираж 1430 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*